



# ATANSYON!

**PWOGRAM ASISTANS POU COVID-19  
AK RESOUS POU FANMI YO**

**Lwa sou Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan Act, ARPA) a  
ansanm ak Leta California Kreye Bonjon Benefis Pou Ou!**

**Lis sa a se lis verifikasyon resous ki sipòte sante ak byennèt timoun  
ak fanmi!**

## Plis Revni pou Fwaye Ou



Atravè Lwa sou Plan Sekou Ameriken an, gouvènman federal la ap bay fanmi yo plis sipò pou revni, sa gen ladan, Kredi Fiskal pou Timoun (Child Tax Credit) ke yo ogmante a ak Peman poutèt Enpak Ekonomik (Economic Impact Payments) (ke tout moun konnen antanke peman estimilis dirèk). Tout timoun ki gen Nimewo Sekirite Sosyal, ikonpri timoun ki gen paran ki se imigran, kalifye pou toulède.

Paran oswa responsab legal ki pa gen papye fèt pou yo gen yon Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (ITIN). **Paran yo pap sibi okenn konsekans onivo imigrasyon ni okenn konsekans ki gen rapò ak chaj piblik poutèt yap resevwa resous sa yo pou pitit yo.** Metsouli, benefis federal dirèk sa yo pap konte kòm revni pou benefis Cal-Fresh/SNAP, Medi-Cal/Medicaid oswa benefis Gadri Timoun.

### Kredi Fiskal Davans pou Timoun

Yo pral voye omwen **\$3,000 pou chak timoun** bay fanmi yo pandan ane a, apatide mwa jiyè sa a. Pou ka si ke w jwenn peman w lan, asire w ke pitit ou gen yon nimewo sekirite sosyal epi ranpli yon deklarasyon taks pou 2020, menm si w pa dwe okenn lajan taks, epi wap resevwa peman yo otomatikman. ENPÖTAN! Menm si nòmalmman ou pa oblije ranpli yon deklarasyon taks, ou ka toujou resevwa kredi fiskal pou timoun ke yo ogmante a si w itilize yon nouvo pötay pou moun ki pap deklare taks bay IRS (gade kaz ki akote a) pou ka soumèt yon deklarasyon taks senplifye.

### Peman poutèt Enpak Ekonomik/Peman Estimilis Dirèk

**Yap voye \$1,400 pou chak adilt ak chak timoun** ki nan fwaye a bay tout fanmi ki gen revni yo pi ba ke \$75,000 pou fanmi ki gen yon sèl paran nan fwaye a epi pou revni ki pi ba ke \$150,000 pou fanmi ki gen 2 paran nan fwaye a. Pou ka asire ke w resevwa chèk ou, pitit ou fèt pou l gen yon nimewo sekirite sosyal epi w fèt pou ranpli yon deklarasyon taks pou 2019 oswa 2020, menm si w pa dwe okenn lajan taks.

### Peman Golden State Stimulus (GSS)

Anplis de sa gouvènman federal la ap bay, leta California tou ap ede fanmi kap sibi difikilte ekonomik poutèt COVID-19 atravè Peman Golden State Stimulus (GSS) yo. **Manm fanmi imigran ki kalifye baze sou revni yo e ki ranpli deklarasyon taks ak yon ITIN kapab kalifye tou epi yo ka itilize peman sa yo san yo pa bezwen pè okenn konsekans imigrasyon oswa okenn konsekans pou Chaj Piblik.** Peman GSS yo pa konte kòm revni yon fason pou pèmèt moun jwenn lòt benefis piblik tankou Cal-Fresh oswa Medi-Cal.

Gen peman jiska **\$1,200** ki disponib pou fanmi ki kalifye pou Kredi Fiskal sou Revni Reyalize nan California oswa pou moun ki gen yon ITIN si yo reyalize mwens ke \$75,000.

Se deklarasyon taks 2020 ou kap detèmine si w kalifye pou resevwa peman GSS yo. Pou kalifye, fòk fanmi yo ranpli deklarasyon taks yo pou 2020 pa pita pase 15 oktòb 2021. Si w deja ranpli deklarasyon taks ou pou 2020, ou pa gen anyen pou fè ankò. Si w kalifye, ou pral resevwa peman w yo atravè depo dirèk oswa yap voye yon chèk ba ou pa lapòs.

## RESOUS YO:

- Chèche konnen kijan w ka jwenn yon ITIN (Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl): (<https://www.irs.gov/individuals/how-do-i-apply-for-an-itin>)
- Pou ka jwenn yon kote bò lakay ou ki ka ede w ranpli deklarasyon taks ou gratis, ale nan: IRS VITA Free Tax Prep (Preparasyon Taks Gratis IRS VITA) ([irs.treasury.gov](https://irs.treasury.gov))
- Aprann plis enfòmasyon sou Kredi Fiskal Davans pou Timoun (Advanced Child Tax Credit) epi soumèt enfòmasyon w yo la a: (<https://www.irs.gov/credits-deductions/advance-child-tax-credit-payments-in-2021>)
- Suiv estati peman poutèt enpak ekonomik ou a la a: (<https://www.irs.gov/coronavirus/get-my-payment>)
- Tcheke tablo sa a ki fasil pou konprann pou ka konnen si w kalifye pou peman GSS (Golden State Stimulus) yo: (<https://caimmigrant.org/updates/can-you-get-the-golden-state-stimulus/>)
- Jwenn plis èd ak peman GSS yo: (<https://www.ftb.ca.gov/about-ftb/newsroom/golden-state-stimulus/help.html>)
- Pou ka jwenn plis enfòmasyon sou Kredi Fiskal pou Revni Reyalize nan California (California Earned Income Tax Credit) e pou konnen si w kalifye: (<https://www.caleitc4me.org/what-is-the-caleitc/>)



# Nouvo Benefis Chomaj



Yo pral ajoute **\$300 anplis chak semèn** sou lajan pou konpansasyon chomaj ou deja ap resevwa nan men leta kote w rete a jiska 6 septanm 2021 epitou yap kontinye bay benefis Chomaj Poutèt Pandemi an (Pandemic Unemployment) jiska 6 septanm 2021.

**Benefis chomaj** ki rive jiska **\$10,200** ke w te resevwa depi ke pandemi a te kòmanse **pap konte kòm revni ki taksab** pou deklarasyon taks federal 2020 ou.

## \$300 ANPLIS CHAK SEMÈN:

- Pou ka gen plis enfòmasyon epi pou enskri w: (<https://edd.ca.gov/unemployment/>).

## \$10,200 kòm Benefis Chomaj ki gen Egzanpsyon Fiskal

- Wap jwenn plis enfòmasyon la a: ([bit.ly/ARPFactSheet](http://bit.ly/ARPFactSheet))

# Depans Swen Sante Diminye



Si w gen asirans avèk Covered California oswa si w vle genyen l, **peman pou peye chak mwa pou swen sante a ap plafonnen a 8.5 pousan** nan revni w. Moun ki gen revni ki pi ba yo pral peye yon montan ki mwens anpil pase sa. Moun ki gen plis revni yo pral fè plis ekonomi lontan pase anvan selon nouvo limit sa a. Konsomatè yo ka fasilman konnen si yo kalifye pou Covered California oswa Medi-Cal — epi yo ka wè si yo kalifye pou resevwa èd finansyè ak ki plan ki disponib nan zòn kote yo ye a — depi yo annik itilize Zouti Acha ak Konparezon (Shop and Compare Tool) ki nan CoveredCa.com epi mete Kòd Postal yo, revni fwaye a ak laj moun ki bezwen kouvèti asirans la.

Pa bliye, si oumenm oswa pitit ou gen asirans atravè Medi-Cal, depans medikal ou te fè poutèt COVID-19 yo ap **anile epi yap kouvri yo**.

**Manm Medi-Cal yo kapab sispann peye prim masyèl asirans yo epi yo ka ekonomize lajan jiska fen lane 2021 an ak apresa!** Poutèt COVID-19, fanmi ak endividi kap peye prim Medi-Cal kounyeya, yo kapab ekonomize lajan epi yo ka sispann peman yo jiska fen lane 2021 an. Manm Medi-Cal yo tou kapab reklame kredi pou prim pou kèlkeswa peman yo te fè depi mwa mas 2020. **RAPÈL:** Yo pa kapab sispann kouvèti asirans Medi-Cal la pandan ijans sante piblik la, menmsi yon fanmi pa peye prim masyèl yo.

Si yo te voye w ale nan travay ou (leyòf ou) oswa si yo te diminye sou kantite lè travay ou poutèt pandemi an, gen posibilite ke ou ka resevwa sis mwa asirans sante gratis atravè COBRA. Anplwaye ki te kalifye oswa ki kalifye pou resevwa plan asirans COBRA nan travay yo -- kit yo te pran l, kit yo pat pran l lè yo te vin kalifye pou li -- anplwaye sa yo kapab enskri kounyeya san yo pa peye yon prim asirans jiska fen septanm 2021. Si w pa gen asirans sante, si se oumenm kap peye pou asirans endividyèl, oswa si plan asirans COBRA travay ou a kouvri w deja, mande kote w tap travay anvan an si w kalifye pou yon sibvansyon COBRA. (Yap ranbouse tout depans anplwaye w la la fè.)

## PLAFON REVNI 8.5%:

- Wap jwenn plis detay la a: Covered California (<https://www.coveredca.com/#quick-calculator>).
- Ou ka jwenn asistans gratis e konfidansyèl nan telefòn, nan plizyè lang, e se yon moun ki sètifye pou enskri moun nan asirans sante kap ede w nan **(800) 300-1506**.

## KOUVÈTI POU VAKSEN KONT COVID-19:

- Pran vaksen kont COVID-19, lè w ale sou [myturn.ca.gov](http://myturn.ca.gov) oswa rele **1-833-422-4255**. Itilize sitwèb CDC a [Vaccines.gov](http://Vaccines.gov) pou ka jwenn yon randevou oswa pou jwenn yon kote nan zòn ou ki pa mande randevou.

## SISPANN PEMAN PRIM MEDI-CAL YO EPI JWENN KREDI POU PEMAN OU FÈ DEJA YO:

- Pou ka kòmanse ak kontinye ekonomize lajan sou prim Medi-Cal yo, rele **1-800-880-5305**.

## ASIRANS SANTE GRATIS PANDAN 6 MWA:

- Rele ansyen anplwaye w la.



## Diminye Pri sa Koute pou Sèvis Entènèt la



Ou kapab kalifye pou resevwa **\$50 rediksyon chak mwa (\$75 chak mwa pou teritwa Triba yo)** sou bil entènèt ou pandan sis mwa apeprè. Fwaye ki kalifye yo kapab resevwa tou yon rabè \$100 ke yap bay yon sèl fwa pou achte yon òdinatè pòtab, yon òdinatè biwo oswa yon tablèt nan men founisè kap patisipe nan pwogram nan si yo kontribye plis ke \$10 ak mwens ke \$50 sou pri dacha a. Comcast ak Verizon, toulède ap ofri benefis sa a. Fanmi yo, ikonpri imigran ak fanmi ki gen estati-miks yo, kapab kalifye si yo gen yon timoun kap resevwa manje lekòl gratis oswa a pri ki ba, oswa yon sibvansyon PELL pou inivèsite oswa pou fòmasyon, oubyen ankò si revni fwaye w ba. Benefis sa a disponib pou fanmi yo, menm si yo dwe founisè entènèt yo poutèt bil yo pat peye, sepandan yo pa ka itilize lajan benefis la pou peye dèt yo dwe a.

### \$50/MWA ak \$100 YON FWA:

- Pou plis enfòmasyon epi pou aplike, ale nan: (<https://www.fcc.gov/broadbandbenefit>)

## Asire ou gen yon Kote pou Rete



Pwogram Asistans Lwaye poutèt COVID-19 nan California (California COVID-19 Rent Relief) bay fwaye ki kalifye selon revni yo, èd finansyè gratis pou peye lwaye ak sèvis piblik yo, ni pou peman yo dwe ni pou peman yap gen pou fè nan lefityè. Aplikan ki kalifye baze sou revni yo kapab kalifye kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo epi yo pap mande yo prezante okenn prèv ke yo se sitwayen peyi a. Nou ankouraje ni mèl kay ni lokatè pou yo aplike. Asistans pwogram sa a PA konte kòm revni moun reyalize (pou lokatè yo) e li PAP afekte kalifikasyon pyès moun pou jwenn lòt pwogram asistans benefis leta bay, tankou Medi-Cal, CalFresh oswa CalWORKS. Pou moun ki gen revni ki pèmèt yo kalifye, pwogram nan ap peye 100 pousan lwaye yo pat peye epi lap peye pou sèvis piblik yo pat peye depi 1ye avril 2020 epitou lap kouvri lajan lwaye ak depans pou sèvis piblik kap gen pou fèt nan lefityè yo.

### LWAYE AK IPOTÈK:

- Pou ka gen plis enfòmasyon, ikonpri enfòmasyon sou kalifikasyon ak èd pou ranpli aplikasyon an, rele **833-430-2122** oswa ale nan ([https://housing.ca.gov/covid\\_rr/index.html](https://housing.ca.gov/covid_rr/index.html))

## Èd Anplis Pou Achte Manje



Pandemic EBT (P-EBT) se yon pwogram federal ki bay fanmi ki kalifye yo benefis alimantè anplis de benefis CalFresh Food ak repa lekòl yo. Pwogram P-EBT a bay benefis alimantè anplis pou l konpanse pou repa gratis oswa a pri ki ba ke yo abitye sèvi nan gadri oswa nan lekòl ke timoun yo pat ka jwenn poutèt pandemi an. Montan maksimòm pou chak timoun ki kalifye se \$123 chak mwa. Ou ka jwenn benefis P-EBT yo AK repa 'a anpòte (grab and go)' yo oswa repa nan lekòl pandan ane akademik 2021-22 a.

### Ou Pa Bezwen Aplike pou Pwogram P-EBT a - yo pral voye yon kat pa lapòs otomatikman pou chak timoun ki kalifye.

Kat yo pral kòmansè rive nan kòmansman mwa jiyè 2021 an jiska mwa dawout 2021 pou timoun ki gen ant laj 0 a 6 lane ki te resevwa CalFresh ant mwa oktòb 2020 ak mwa janvyè 2021, epi nan kòmansman mwa septanm 2021 jiska mwa novanm pou timoun ki nan klas TK-12 (Jadendanfan Tranzisyonèl jiska klas 12yèm Ane) ki enskri nan pwogram repa lekòl gratis oswa a pri ki ba. Jèn timoun ki resevwa CalFresh ant mwa fevriye 2021 ak mwa me 2021 pral resevwa benefis yo apatide mwa novanm 2021.

Kat pwogram P-EBT a san danje pou ni oumenm ni fanmi w. **Pwogram nan PAP rapòte okenn moun bay sèvis imigrasyon poutèt yap achte manje ak kat sa a ni yo pap konsidere yon moun ki itilize kat sa a kòm yon chaj piblik.** Pwogram P-EBT a pa konte kòm revni, epi li pa afekte kalifikasyon w pou resevwa repa lekòl. Ou ka itilize pwogram P-EBT a san w pa bezwen enkyete w ke li pral ba w pwoblèm pou jwenn lòt benefis yo.

Si w resevwa benefis nitrisyon atravè Pwogram Fanm, Tibebe ak Timoun (Women, Infants & Children, WIC), poutèt lwa sou Plan Sekou Ameriken an, ou pral resevwa \$35 anplis chak mwa pou achte plis fwi ak legim jiska 30 septanm 2021.

### JISKA \$123 CHAK MWA:

- Ale la a pou jwenn plis enfòmasyon: Gid sou Pandemic EBT (Transfè Benefis Elektwonik pandan Pandemi an) (<https://capandemic-ebt.org>)

### \$35 ANPLIS CHAK MWA:

- Pran yon randevou pou ka resevwa WIC: (<https://myfamily.wic.ca.gov/>)



# Kenbe Travay ou ak Jere Enpak COVID sou Fanmi Ou



California ofri plizyè opsyon pou l ede fanmi ki kalifye baze sou revni yo, pou yo peye pou gadri. Pwogram CalWORKs ak Paman Altènatif (Alternative Payment Program) bay fanmi bon pou yo ka jwenn sèvis gadri nan sant gadri ki gen lisans pou gade timoun, nan kay ki gen lisans pou gade timoun, oswa nan sant swen ki gen egzanpsyon pou lisans. Fanmi an ka chwazi jan de swen ke pitit li resevwa.

Ou ka diminye montan taks federal ke w dwe a si w deklare depans gadri ke w te fè pou pitit ou pou Kredi Fiskal pou Swen Timoun ak Swen Depandan (Child and Dependent Care Tax Credit). Lè w fè sa ou ka **redui montan taks federal ou dwe a jiska \$4,000** si w depanse omwen defwa montan sa a pou gadri pou nenpòt timoun ki gen 13 lane oswa ki pi piti; **oswa \$8,000** si w depanse plis ke \$16,000 pou gadri pou 2 oswa plis timoun. Epi si w dwe mwens lajan nan taks, ou pral resevwa rès kredi ke yo pral peye w dirèkteman.

Yo ka **peye w pou nenpòt absans** ke w bezwen pran nan travay ou pou ka okipe yon moun ki nan fanmi ke COVID afekte oswa si lekòl oubyen gadri pitit ou a fèmen. Yo pral ranbouse anplwayè ou lajan li te peye w la jiska 30 septanm 2021.

## KOUVÈTI POU GADRI TIMOUN:

- Kontakte resous lokal ou a ak ajans ki bay referans la, epi yap kapab ede w konnen si w kalifye pou yo ede w peye pou gadri timoun (<https://rrnetwork.org/family-services/find-child-care>)

## TAKS FEDERAL DIMINYE:

- Wap jwenn plis detay la a: (<https://www.irs.gov/newsroom/child-and-dependent-care-tax-credit-faqs>)

## KONJE PEYE:

- Wap jwenn plis detay la a: Kesyon sou COVID-19 ak sou Lwa pou Absans Familyal ak Medikal (<https://www.dol.gov/agencies/whd/fmla/pandemic>).

## Mèsi!



Nap remèsye **òganizasyon Public Citizens for Children and Youth, PCCY ki baze nan Philadelphia** poutèt yo kreye kontni orijinal ki nan dokiman resous sa a e poutèt yo pèmèt nou fè mizajou nan langaj la defason pou nou te ka adapte l pou fanmi ak timoun ki nan California yo pi byen konprann. Nap remèsye tou Partnership for America's Children poutèt yo te aksepte pataje resous sa a avèk nou e poutèt yo kreye yon espas nasyonal ki pèmèt moun kap defann timoun ak fanmi yo kolabore ansanm.

